

Konsèy pou Kriz, Resous Sante Mantal pou Sivivan Helene yo

Release Date: Novanm 23, 2024

RALEIGH, N.C. - FEMA ak eta a rekonèt gwo katastwòf emosyonèl yo kapab genyen sou moun ak fanmi yo epi y ap bay resous gratis pou ede sivivan Helene yo jwenn konsèy gratis nan kriz ak sipò sante mantal.

An kowòdinasyon ak gouvènman eta yo, Pwogram Konsèy pou Kriz FEMA a ofri sèvis sante mantal ak aktivite fòmasyon pou ede sivivan katastwòf yo jere estrès, fè fas ak eksperyans yo epi konekte ak resous adisyonèl. Yo ofri sèvis sa yo gratis pou sivivan ki afekte nan katastwòf la epi yo bay yo nan kote ki aksesib, tankou kay sivivan yo,abri yo, kote pou yo viv tanporè ak kote yo adore. Sivivan yo ka jwenn sipò nan alafwa youn-a-youn ak nan anviwònman gwoup yo.

Pwogram Konsèy pou Kriz Hope4NC Depatman Sante ak Sèvis Imen Kawolin di Nò bay sipò imedya ak sèvis konsèy pou kriz pou moun North Carolinians apre Helene. Sivivan ki fè eksperyans estrès, fatig emosyonèl, yon kriz sante mantal oswa jis bezwen yon moun pou pale, ka rele liy èd Hope4NC 24/7 nan 1-855-587-3463. Sèvis yo bay gratis epi yo disponib pou nenpòt moun ki abite nan [39 konte North Carolina yo ak manm tribi Eastern Band of Cherokee Indians](#), kèlkeswa kalifikasyon yo pou asistans finansye FEMA.

Anplis de sa, Liy Asistans pou Detrès Katastwòf Administrasyon Sèvis Sante Mantal ak Abi Sibstans yo disponib nenpòt lè pou bay sipò. Sivivan yo ak sekouris ki santi yo akable yo ka rele oswa voye tèks 1-800-985-5990 pou resevwa sipò gratis, konfidansyèl nan nenpòt lang.

FEMA ankouraje tout sivivan yo pran avantaj de resous sa yo pandan y ap navige nan pwosesis rekiperasyon an. Pou plis enfòmasyon sou resous rekiperasyon dezaz, vizite [fema.gov/disaster/4827](https://www.fema.gov/disaster/4827).



FEMA

Page 1 of 1